

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Salah sahiji aspék kaparigelan basa téh nya éta nulis. Sacara leksikal, dina Danadibrata (2009, kc. 71), kecap *nulis* téh asalna tina tulis anu hartina barangjieun aksara, angka; basa lemesna nya éta serat anu hartina nulis ku mangsi dina keretas, aya nulis maké gerip, patlot, kapur dina bor, péso pangot dina daun lontar. Jadi nulis téh mangrupa kecap pagawéan nuliskeun aksara atawa angka maké rupa-rupa alat tulis jeung media tulisna.

Tarigan (2013, kc. 3) nétélakeun yén nulis mangrupa hiji kaparigelan basa nu digunakeun pikeun komunikasi sacara teu langsung. Nulis mangrupa hiji kagiatan anu produktif jeung éksprésif. Nulis bisa dina rupa-rupa widang, boh widang sastra boh widang non-sastra. Salah sahiji conto tulisan anu mangrupa kabudayaan Sunda dina widang sastra nya éta guguritan.

Sacara léksikal, *guguritan* asal kecapna tina gurit, ngagurit hartina nyusun basa kana pupuh, ngarang tembang, sok disebut ogé mangun gurit; guguritan nya éta karangan anu dijieun gurit (Danadibrata, 2009, kc. 240). Guguritan téh karangan pondok anu ditulis dina wangun pupuh. Nurutkeun wangunna, guguritan téh wangun ugeran teu bébas da kauger ku patokan pupuh.

Nurutkeun para ahli, guguritan téh mangrupa pangaruh tina sastra Jawa. Asupna ka urang dina mangsa Tatar Sunda kaéréh ku Mataram (Islam). Saluyu jeung anu ditétélakeun ku Rusyana jeung Raksanagara (1980, kc. 2) yén “*sesungguhnya, bentuk guguritan itu bukan hanya dikenal dalam lingkungan sastra Sunda, atau sastra daerah lainnya seperti Jawa, tetapi juga dalam sastra Indonesia sudah dikenal.*” Hiji mangsa mah guguritan téh kungsi jadi karya sastra anu kacida populérna di urang. Ti mimiti serat-sinerat nepi kana laporan ngeunaan hiji kajadian, ditulis dina wangun guguritan (Tamsyah, 1996, kc. 59). Geus lila guguritan sumebar di tatar Sunda téh. Dumasar data nu aya, guguritan Sunda geus ditulis dina abad ka-19. Pangarang Sunda jaman harita, saperti R. Haji Hasan

Musa (1822-1866), geus nulis guguritan “Wulang Krama” (1862) anu miboga 29 pada (Rusyana jeung Raksanagara, 1980, kc. 1).

Ilaharna, cara nepikeun guguritan téh dibaca bari dihariringkeun maké lalaguan anu geus matok keur pupuh. Mimiti gumelarna guguritan nya éta sacara lisan, tapi teu saeutik guguritan anu gelar sacara tinulis. Guguritan anu ditulis malah sok dimuat dina majalah, surat kabar, jeung buku.

Eusi guguritan di antarana poko jeung pamadegan pangarang, peristiwa satukangeun karya, rasa dina kagiatan, pesen pangarang, jeung hubungan pangarang ka nu maca. Eusi poko nu diperhatikeun pangarang nya éta anu aya patalina jeung manusa dina rupa-rupa aspék kahirupan, alam, jeung sato. Umumna mah ngébréhkeun soal kanyaah antarmanusa, kalakuan manusa, pakasaban hirup, kabudayaan, atikan jeung pangajaran, peristiwa, jeung kaéndahan alam (Rusyana jeung Raksanagara, kc. 92-96). Tina guguritan urang bisa nempo kajadian-kajadian sajarah Sunda jaman baheula, ogé bisa nyieun nu maca hususna siswa reueus ka Sunda jeung mikanyaho yén Sunda beunghar ku budaya jeung sastrana. Ku kituna hadé pisan guguritan jadi salah sahiji matéri di tingkat SMP.

Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat (2013, kc. 45) dina buku *Pamekar Diajar Basa Sunda Buku Tuturus Guru SMP/MTs Kelas VIII*, nétélakeun yén guguritan kaasup karya sastra anu ngandung ajén luhur, katimbang perlu pikeun diajarkeun di sakola. Asupna guguritan kana matéri pangajaran bisa ngawanohkeun budaya Sunda ka siswa, lantaran kiwari geus langka anu nulis jeung midangkeun guguritan téh.

Matéri guguritan bisa disebut hésé, komo keur budak sakola di kota anu teu apal kana sastra jeung budaya Sunda, utamana guguritan. Maca guguritan ogé can tangtu pernah, komo nulis atawa nyieun guguritan. Ieu hal bisa disebut teu gampang atawa hésé. Tapi, nalika siswa nulis guguritan, siswa ogé bisa nepikeun ideu jeung kahayangna ngaliwatan guguritan anu dijieunna. Ku kituna, guru kudu leuwih kréatif dina nepikeun pangajaran jeung ngolah kelas.

Salila ieu, dumasar hasil observasi di lapangan, di SMP Pasundan 4 Bandung, cara guru nepikeun matéri guguritan kurang ngirut minat siswa. Ku sabab guguritan teu dipikawanoh saacanna, indikator pembelajaranna ngan tepi ka

siswa wanoh kana guguritan, bisa nyaritakeun deui eusi guguritan, jeung bisa nembangkeun deui guguritan. Tina indikator éta, udagan nu dihontalna ngan kaparigelan maca, ngaregepkeun jeung nyarita, can tepi kana kaparigelan nulis. Tétéla, geuning kaparigelan nulis téh hésé, komo nulis guguritan. Guru kudu bisa ngungkulan ieu pasualan.

Kamampuh guru dina ngolah kelas kudu bisa méré motivasi anu hadé keur siswa. Model jeung media pangajaran jadi hal anu poko, kudu anu aktif, kréatif tur inovatif. Sok sanajan kasebutna euweuh modél pangajaran anu bener-bener sampurna, tapi diusahakeun guru kudu bisa néangan modél pangajaran anu cocog jeung éféktif. Kamampuh siswa maham matéri guguritan sarta tepi ka bisa nulis atawa nyieun sorangan gumantung kana kumaha prosés diajarna, modél pangajaran naon nu dipakéna. Loba rupana modél pangajaran téh, salah sahijina *Make a Match*.

Saméméhna geus aya dua pangalungtikan ngeunaan modél pangajaran *Make a Match* nu dilaksanakeun ku mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah. Duanana diterapkeun dina pangajaran basa. Kahiji, dina kompetensi dasar nulis aksara Sunda ku Elsi Juliar (entragan 2009), anu judulna “*Kaéféktifan Modél Make a Match jeung Modél Explicit Intruction dina Pangajaran Nulis Aksara Sunda (Panalungtikan Eksperimen ka Siswa Kelas X SMA N 1 Sukaresmi Taun Ajar 2012/2013)*”. Kadua, dina kompetensi dasar nulis surat resmi ku Nabila Azmi Agustina (entragan 2010), anu judulna “*Modél Pembelajaran Maké a Match dina Pangajaran Pangajaran Nulis Surat Resmi (Studi Kuasi Eksperimen ka Siswa Kelas IX-F SMP Negeri 1 Sukaraja, Kabupaten Sukabumi, Tahun Ajaran 2013/2014)*”.

Nilik judul di luhur, panalungtikan ngeunaan modél pangajaran *Make a Match* masih perlu dilaksanakeun. Bédana jeung panalungtikan saméméhna nya éta dina tipe pangajaran. Ari pangajaran anu saméméhna mah dina pangajaran basa, di antarana nulis aksara Sunda jeung nulis surat resmi. Ieu panalungtikan dilaksanakeun dina pangajaran sastra nya éta nulis guguritan. Salian ti éta, objék panalungtikanana ogé béda. Objék panalungtikan saacanna di kelas X SMA jeung IX SMP, ayeuna mah di kelas VIII SMP anu saluyu jeung KIKD basa Sunda.

Dumasar hal anu dipedar di luhur, panalungtikan anu dijudulan “*Model Pangajaran Make a Match pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Guguritan (Studi Kuasi Eksperimen ka Siswa Kelas VIII-B SMP Pasundan 4 Bandung Taun Ajaran 2014/2015)*” perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang di luhur, hal nu ditalungtik ngawengku kamampuh nulis guguritan siswa saméméh jeung sabada maké modél pangajaran *Make a Match* jeung prakprakan diajar maké modél pangajaran *Make a Match*.

Kamampuh nulis guguritan siswa ditempo tina hasil tulisanana. Rusyana jeung Raksanagara (2009, kc. 4-5) nétélakeun yén aya opat unsur dina guguritan, nya éta unsur eusi (poko tulisan, pamadegan pangarang kana tulisan, peristiwa satukangeun tulisan, amanat, rasa nu timbul, hubungan antara pangarang ka nu maca), unsur basa (sora basa, kecap jeung kalimah, babasan jeung paribasa, jeung persajakan), unsur pupuh (guru lagu, guru wilangan, pedotan, jeung *keutuhan* atawa *gembलग*), jeung unsur wangun karangan (déskripsi, bahasan, arguméntasi, carita, jeung paguneman). Hal anu ditalungtik dina ieu panalungtikan diwatesanan, nya éta: unsur eusi ngawengku: poko tulisan jeung amanat; unsur basa ngawengku: kecap jeung kalimah; unsur pupuh ngawengku: guru lagu jeung guru wilangan; sarta, unsur wangun karangan ngawengku: carita.

Prakprakan diajar maké modél pangajaran *Make a Match* nya éta lumangsungna panalungtikan di kelas dina matéri nulis guguritan. Modél pangajaran *Make a Match* nyieun sangkan siswa néangan baturna pikeun maham sarta ngébréhkeun naon nu aya dina pikiranana kana wangun guguritan.

Dumasar hal-hal anu dipedar di luhur, nu jadi masalah ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah pananya di handap.

- 1) Kumaha kamampuh nulis guguritan siswa saméméh maké modél pangajaran *Make a Match*?
- 2) Kumaha kamampuh nulis guguritan siswa sabada maké modél pangajaran *Make a Match*?
- 3) Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII-B saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Make a Match*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Anu jadi tujuan dina ieu panalungtikan ngawengku: (1) tujuan umum jeung (2) tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan pikeun nguji cocog henteuna modél pangajaran *Make a Match* dina ngaronjatkeun kamampuh siswa nulis guguritan.

1.3.2 Tujuan Khusus

Tujuan khusus tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh nulis guguritan siswa saméméh maké modél pangajaran *Make a Match*,
- 2) kamampuh nulis guguritan siswa sabada maké modél pangajaran *Make a Match*, sarta
- 3) béda anu signifikan antara kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII-B, saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Make a Match*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga mangpaat nya éta: (1) mangpaat tioritis, jeung (2) mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan diayakeun pikeun ngeuyeuban élmu pangaweruh ngeunaan modél pangajaran. Hususna modél pangajaran *Make a Match* dina pangajaran nulis guguritan. Hasil ieu panalungtikan dipiharep méré gambaran yén modél pangajaran *Make a Match* bisa mangaruhan kana minat diajar siswa hususna kana pangajaran nulis guguritan.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) pikeun guru, bisa jadi bahan tinimbangan sarta bahan dina milih jeung maké modél pangajaran basa Sunda hususna pangajaran nulis, sangkan bisa nyieun kréasi jeung inovasi modél pangajaran anu ngirut siswa, sarta ngawangun kelas nu interaktif tur komunikatif;
- 2) pikeun siswa, sangkan numuwuhkeun motivasi siswa dina pangajaran nulis guguritan, ngaronjatkeun tingkat maham matéri guguritan, sarta leuwih aktif dina prosés diajar di kelas; jeung,
- 3) pikeun panalungtik, sangkan ngaronjatkeun kualitas paélmuan jeung nerapkeun modél pangajaran nu luyu jeung pangajaran nulis guguritan.

1.5 Sistematika Panulisan

Dina ieu skripsi, sistematika panulisan diwangun ku lima bab, anu diwincik saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka, medar kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung sistematika panulisan. Medar kontéks masalah nu ditalungtik;

Bab II Ulikan Pustaka, medar raraga tiori nu ngawengku modél pangajaran, modél *make a match*, tiori nulis, jeung tiori guguritan, medar panalungtikan saméméhna nu ngawengku prosedur, subyék jeung hasil panalungtikanana, sarta medar kalungguhan tioritis ieu panalungtikan;

Bab III Métode Panalungtikan, medar desain panalungtikan, partisipan dina panalungtikan, populasi jeung sampel, instrument panalungtikan, prosedur panalungtikan, sarta analisis data;

Bab IV Hasil Panalungtikan, medar hasil panalungtikan pangajaran guguritan saméméh jeung sanggeus maké model *Make a Match*, ngabandingkeun béda nu signifikan antara kamampuh awal jeung ahir;

Bab V Kacindekan jeung Saran, medar kacindekan ahir tina panalungtikan, sarta rékoméndasi pikeun panalungtikan kahareupna.